

# Basa Sunda pikeun Panganteur Pangajaran di Sakola

ku: Drs. Dede Kosasih, M.Si.

## 1. Dasar Kawijakan Nasional

Penjelasan Pasal 36 Undang-Undang Dasar 1945 nétélakeun yén "Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya), bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negara.

*Bahasa-bahasa itu pun merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup".*

Paragraf di luhur ngandung harti, yén lamun basa Sunda dipiara ku para panyaturna nya éta ku urang Sunda anu jadi rahayat Jawa Barat kalawan hadé, tinangtu basa Sunda téh bakal diajénan tur dipiara ogé ku nagara. Tapi sabalikna, lamun urang Sunda culjeun kana basana, tinangtu ku nagara ogé bakal diantep moal dipirosséa. Jadi prakarsa urang Sunda daraék miara basana téh, mangrupa prasaratan pikeun ayana pangajén jeung pangriksa ti pamaréntah atawa ti nagara.

Nurutkeun *Kebijaksanaan Umum Pendidikan Dasar dan Menengah* (Depdiknas, 2001:11) "Pengembangan kurikulum merupakan suatu proses yang dinamik antara lain dengan berdasarkan pada prinsip pendidikan multikultur dan **multibahasa**. Indonesia terdiri atas masyarakat dengan **beragam budaya, bahasa**, dan agama. Implikasi dari hal tersebut yaitu bahwa dalam pendidikan perlu menerapkan metodik yang produktif dan kontekstual untuk mengakomodasikan sifat dan sikap masyarakat pluralistik dalam kerangka **pembentukan jati diri bangsa**."

Basa panganteur pangajaran nurutkeun *Kebijaksanaan Umum Pendidikan Dasar dan Menengah* (Depdiknas, 2001:25) ditétélakeun:

"Pada tahun pertama dan kedua Sekolah Dasar dapat digunakan bahasa ibu yang digunakan oleh sebagian besar peserta didik sebagai bahasa pengantar dalam kegiatan pembelajaran. Pada tahun ketiga sampai dengan keenam, bahasa Indonesia **mutlak digunakan** sebagai **bahasa pengantar** dalam kegiatan pembelajaran.

Pada jenjang pendidikan menengah, bahasa pengantar pembelajaran untuk mata pelajaran tertentu selain menggunakan bahasa Indonesia juga dapat menggunakan bahasa Inggeris untuk mata pelajaran tertentu. Kurikulum dapat dielaborasi oleh daerah dan/atau sekolah sesuai dengan kondisi dan kepentingan daerah atau sekolah. Hasil elaborasi yang dilakukan daerah atau sekolah berupa silabus yang cocok dengan kondisi dan kepentingan daerah. Daerah dapat menambah mata pelajaran yang disesuaikan dengan kebutuhan dan potensi daerah yang bersangkutan (**bahasa daerah**, kesenian, dan kearifan lokal) dengan porsi maksimal 4 jam pelajaran per minggu."

Jika di Sekolah Dasar pada tahun pertama dan kedua boleh menggunakan bahasa pengantar bahasa ibu bahasa Sunda di sebagian besar Wilayah Jawa Barat, maka logis sekali bila di Taman Kanak-kanak pun **digunakan bahasa pengantar bahasa daerah**.

## 2. Dasar Kawijakan Lokal

Kumaha gékgékanana ngagunakeun basa Sunda pikeun panganteur pangajaran di sakola, tangtu baé mangrupa rundayan tina kawijakan "ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan kiwari" di masarakat Sunda. Da apan ari hirup-huripna basa Sunda di sakola téh bagian integral tina hirup-huripna basa Sunda di masarakat Sunda. Cindekna lamun basa Sunda digunakeun dina rupa-rupa aspek kahirupan masarakat Sunda kiwari, kakara aya harepan basa Sunda bisa digunakeun ogé pikeun jadi "basa panganteur" di sakola, da naon rupa anu dipiara di sakola bakal kaala mangpaatna pikeun pibekaleun hirup-hurip di masarakat anu leuwih jembar. Moal pihadéeu, ari di sakola dipiara, ari di masarakat teu dipaliré; atawa sabalikna, ku masarakat dipiara, ari ku sakola teu dipaliré. Da kudu nyambung atuh antara sakola jeung masarakat téh, ulah napsi-napsi nya picung nya hulu maung.

Ari nu jadi pupuhu rahayat jeung papayung masarakat Jawa Barat nu kudu soson-soson miara basa Sunda téh, saha? Apan Gubernur jeung Ketua Dewan Perwakilan Rakyat daerah Jawa Barat. Nya Gubernur sabada kasaluyuan ku DPRD Propinsi Jawa Barat geus

netepkeun kawijakan kumaha kuduna ari miara basa Sunda, saperti anu kaunggel dina *Peraturan Daerah (Perda) Propinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003, tentang Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah*.

Mungguhing Jawa Barat téa apan mangrupa daerah **multikultur jeung multibasa**. Basa Sunda téh mangrupa salah sahiji basa daerah anu tumuwuh jeung mekar di sabagian gedé wilayah tatar Sunda.

Nu dipimaksud ku kecap "*pemeliharaan*" basa dina éta *Peraturan Daerah (Perda) Nomor 5 Tahun 2003* nya éta "*upaya perlindungan, pengembangan, pemberdayaan, dan pemanfaatan*" éta basa (Sunda).

Anu jadi *tujuan* miara basa ku éta Perda nyaéta:

- a. maheutkeun adegan jeung kasinambungan, makéna basa Sunda nepi ka jadi faktor pangrojong tumuwuhna jati diri jeung kareueus urang Sunda;
- b. muguhkeun kalungguhan jeung pancén basa Sunda;
- c. nangtayungan, mekarkeun, ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun basa Sunda nu dipiharep bakal bisa ngarojong budaya nasional;
- d. ngaronjatkeun kualitas makéna poténsi basa Sunda (titénan Bab II, Pasal 2).

Mungguh nu jadi *sasaran* éta Perda nyaéta ngawujudna:

- a. kurikulum pangajaran basa Sunda, boh keur di sakola boh keur di luar sakola;
- b. kahirupan makéna basa Sunda nu leuwih hadé tur leuwih jembar;
- c. tingkat aprésiasi para panyatur basa Sunda kana kaéndahan basana leuwih hadé; jeung
- d. tingkat partisipasi para panyatur basa Sunda dina gerakan miara basa Sunda leuwih puguh (titénan Bab II Pasal 3).

Saha anu miboga **wewenang** jeung **tanggung jawab** pangluhurna pikeun miara basa Sunda? Taya lian, nya Gupernur, anu dina prakna mah éta wewenang jeung tanggung jawab téh babakuna dilaksanakeun ku Dinas Pendidikan jeung Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata, tuluy diduumkeun ka sakumna panyatur basa Sunda. Hakékatna mah miara basa Sunda téh jadi tanggung jawab balaréa jeung saréréa, boh masarakat boh pamaréntah, boh Dinas Pendidikan boh Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata, boh dinas-dinas séjénna, saperti Dinas Kaséhatan, Dinas Pertanian, Kanwil Agama jeung nu séjénna.

Mémang Gupernur bisa baé ngadegkeun badan atawa lembaga nu tugas pokok jeung pancénna husus miara, naliti jeung mekarkeun basa Sunda anu anggota-anggotana diwangan ku para ahli basa, akademisi, jeung tokoh masarakat anu pohara nyaah jeung mikacinta kana basa Sunda.

Éta wewenang jeung tanggung jawab Gupernur anu dilimpahkeun ka Kepala Dinas Pendidikan jeung Kepala Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata katut instansi "*terkait*" séjénna ngawengku kagiatan-kagiatan saperti ieu di handap:

- a. ngayakeun rupa-rupa latihan, penataran, seminar, lokakarya, sawala, pasanggiri dina perkara ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur bener, dimimitian ku para birokrat, para pamimpin, para guru, para dai, ibu-ibu, jeung para tokoh masarakat lianna;
- b. netepkeun basa Sunda jadi "*basa panganteur*" atikan boh di sakola, luar sakola boh di masarakat;
- c. netepkeun basa Sunda jadi "*basa resmi kadua*" sajaba ti basa Indonesia dina ngalaksanakeun tugas Pamaréntah Daerah ti mimiti tingkat propinsi, tingkat kabupaten/kota, tingkat kacamatan nepi ka tingkat désa/kelurahan;
- d. ngabantu medalna buku-buku pelajaran, modul atikan boh keur sakola, luar sakola, boh keur masarakat;
- e. ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun media massa basa Sunda, boh citak boh éléktronik;
- f. ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa aspek kahirupan masarakat (agama, ekonomi, pulitik, sosial, pendidikan, kaséhatan, lingkungan hirup, kabudayaan, pertahanan, jeung kaamanan) (titénan Bab III, Pasal 5 jeung Bab IV, Pasal 7).

### 3. Basa Panganteur Pangajaran

Tah dimana hal-hal saperti anu ditataan di luhur geus (mimiti) kacumponan, kakara bisa ngagunakeun basa Sunda pikeun panganteur pangajaran di sakola, sarta bisa dipiharep

pilancareun jeung pimangpaateunana; da apan ngagunakeun basa Sunda pikeun panganteur pangajaran di sakola téh mikabutuh kondisi-kondisi objektif anu kondusif.

Saperti dina kurikulum pendidikan dasar jeung menengah, merenah pisan upama *mata pelajaran basa Sunda* miboga *"kedudukan dan perlakuan yang setara"* jeung mata pelajaran séjenna (titénan Bab VI Pasal 9 Ayat a). Upamana baé, basa Sunda **diujikeun** jeung bisa **nangtukeun lulus henteuna** murid-murid di sakola, atawa angka raport basa Sunda bisa **nangtukeun naék kelas henteuna**.

Kondisi-kondisi objektif liana, tangtu baé leuwih alus lamun disadiakeun waktu nu cukup, buku nu loba, jeung guru-guru anu profésional mampuh *"berkomunikasi"* ku basa Sunda anu hadé tur bener luyu jeung kontéks ngagunakeunana boh lisan boh tulisan, sarta dirojong ku **fasilitas** dina widang pangajaran saperti perpustakaan jeung sumber diajar séjenna, tur ayana apresiasi atawa panghargaan ka sing saha baé anu miboga préstasi ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan kiwari, tur dirojong ku ayana teknologi sistim komunikasi, dokuméntasi jeung informasi ngeunaan kahanan basa Sunda.

Nu dimaksud ku guru-guru anu profésional nya éta guru kelas atawa guru widang studi nu miboga kamampuh *"berkomunikasi"* ku basa Sunda anu merenah jeung kontéks digunakeunana boh lisan boh tulisan, ngarah guru jadi picontoeun jeung panutan murid-muridna.

Dina prakna maké basa Sunda jadi basa panganteur pangajaran, tangtu baé kamampuh komunikasi lisan leuwih nonjol batan tulisan, lantaran kontéks digunakeunana warna-warni pisan, saperti: uluk salam, ngabagéakeun, ngado'a, nerangkeun, méré informasi, ngabéjaan, ngamotivasi, méré saran, ngadebat, ngaheueuhan, méré naséhat, paguneman, biantara atawa pidato, silih tukeur pamanggih, wawancara, laporan, nolak paménta, muji, negor, ménta dihampura, jeung sajumlahing laku basa nu séjenna.

Tangtu baé éta laku basa di luhur téh kudu binarung ku:

- a. lafal, ucapan, artikulasi;
  - b. intonasi jeung lagu;
  - c. diksi atawa pilihan kecap;
  - d. struktur kecap jeung struktur kalimah;
  - e. sistimatika omongan/caritaan;
  - f. cara ngamimitian jeung nutup caritaan;
  - g. gerak pangbarung leungeun, sirah, panon, beungeut jeung sikep badan;
- anu merenah tur *nyunda*, luyu jeung tatakrama anu santun nurutkeun kontéks makéna masing-masing.

Basa panganteur pangajaran ku basa Sunda anu jadi basa indung sabagaian gedé barudak TK jeung SD di Tatar Sunda, tangtu baé dipiharep bakal loba mangpaatna enggoning ngatik-ngadidik murid-murid geusan melakkeun babit asih, asah, asuh, cageur, bageur, bener, singer, tur pinter ku basa anu orisinal nu pohara raketna jeung kamekaran cipta, rasa, jeung karsa barudak, malah mandar isuk jaganing géto arinyana jadi insan hamba Allah anu iman jeung takwa, balener laku lampahna jeung lalemes budina.

Kumaha karah ari *"ngagunakeun basa Sunda pikeun panganteur pangajaran?"*

Tangtu baé nu dimaksud lain basa panganteur pangajaran mata pelajaran basa Sunda wungkul, tapi basa panganteur mata palajaran Agama, Kewarganegaraan jeung Sajarah, Basa Indonesia, Matematika, Sains, Ilmu Sosial, Musik jeung Menyanyi, Prakarya, Pendidikan Jasmani, jeung babakuna keur mata pelajaran anu disusun ku daerah diluyukeun jeung kabutuh katut potensi daerah masing-masing anu porsi maksimalna 4 jam pelajaran per minggu.

#### 4. Panutup

Ku henteu peresis nyekrupna masalah kawijakan Pusat jeung kawijakan Daerah ngeunaan basa panganteur pangajaran di sakola, tangtu baé nimbulkeun masalah (anyar) tina masalah (nu geus heubeul). Apan ayeuna mah nurutkeun kawijakan nasional bisa maké basa panganteur basa daerah téh ngan di kelas hiji jeung kelas dua Sakola Dasar wungkul, da ti mimiti kelas tilu mah mutlak kudu digunakeun basa panganteur pangajaran ku basa Indonesia.

Ari kawijakan Daerah (lokal) kahayangna leuwih ti kitu. Tangtu baé daerah kudu néangan lolongkrang pikeun nyieun kawijakan anu akomodatif-persuasif, tapi henteu tojaiah jeung dasar hukum anu leuwih luhur. Upamana baé bari merhatikeun pameredih UNESCO

sangkan basa indung (*baca* basa daerah; basa Sunda) tetep dipaké media eksprézi komunikasi anu pangorisinalna dina kahirupan barudak kiwari, sajaba ti maké basa nasional basa Indonesia. Cindékna, atikan téh maké pamarekan (*pendekatan*) dua basa, basa lokal jéung nasional (bagilir sacara proporsional jeung kontéksual) sangkan barudak kiwari jadi panyatur dwibahasawan Sunda-Indonesia atawa Indonesia-Sunda.

Alhamdulillah, Jawa Barat geus miboga Perda Kabudayaan, nya éta Perda No.5,6 jeung 7 Taun 2003 katut *Petunjuk Pelaksanaan(ana)*. Ngarah puguh juntrungna éta Perda alusna mah bener-bener disosialisasikeun ka balaréa; sarta Gubernur ngintruksikeun/maréntahkeun aparatna ti mimiti Kongrés Basa Sunda VIII di Subang, 28-30 Juni 2005, **wajib** maraké basa Sunda luyu jeung kontéksna masing-masing. *Insyaallah*. Cag!

### **Bahan Rujukan**

Peraturan Daerah Propinsi Jawa Barat, Nomor: 5 Tahun 2003 tentang *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah*.

Depdiknas, 2001. *Kebijaksanaan Umum Pendidikan Dasar dan Menengah*, Jakarta: Pusat Kurikulum-Badan Penelitian dan Pengembangan.